चकोरा चकोरी मुंहे हँसी, शशि उगे हँसी ॥ धुन ॥

हँसे श्यामराय रूपसी, भवप्रीताक् चितें हँसी,

जे हँसी मिलावे अविनाशी, शशि उगे हँसी ॥ धुन

(३१) झूमर (गोपनीक प्रेम वर्णन)

तोहरो आवे के आशें रहलों जे कुंज वासें,
मोहन तोरे लागी ।
रतिया खेपलों जागि-जागी ।
मोहन तोरे लागी
चन्द्रावली कुंजे गेला भागी,
॥ धुन ॥ मोहन तोरे लागी ।
मदनके फूलशरें, मोर मरम विदरें,
मोहन तोरे लागी ।
जारे देहा विरहके आगि ।
मोहन तोरे लागी ॥ धुन ॥
जेकर तोहें अनुरागी, सेहो चन्दा बड़भागी,
मोहन तोरे लागी ।
हमरा कें बनाल्हे अभागी ॥ धुन ॥
भवप्रीता कहे हरि ! अन्तें दिहा पदतरी,
मोहन तोरे लागी ।
अधम जानीने दिह त्यागी ॥ धुन ॥

(३२) झूमर (भादुरिया) राधाक मान

चन्दा संगें रस रंगें रतिया विताय
॥ धुन ॥ मोरक बेरियां रे बन्धु !
यहां काहे आय ?
निशि जागरण आलसें चरण टलाय,
नींदें अंखियां रे बन्धु !
झिपो झिपी जाय ॥ धुन ॥
पान पीकें गला तोर के देलो रंगाय ?
नवीन मेघिया रे बन्धु !
अरूण शोभाय ॥ धुन ॥
कजरा सिन्दुरा धामें, मुंहा झलकाय
तीर-बैणिया रे बन्धु !
भले वही जाय ॥ धुन ॥
भवप्रीता कहे राधा, बोलेरिसियाय
जाहो फिरिया रे बन्धु !
चन्दा रूसी जाय ॥ धुन ॥

(३३) झूमर (भादुरिया)

सुनी कें मुरली ध्वनि, चिहुकि उठलि धनि,
सुतली जे छली घोर नींद में ।

॥ धुन ॥ रे, बांसी ! बाजे विपिन में ॥
कल न पड़न निशिदिन में ॥ धुन ॥॥
राधा कहे सुन शखी मिलाह कमल आंखी,
अब ने जीयबे श्यामक भीन में ॥ धुन ॥
बिनूँ से चीक्कन काला, अन्तर उपजे जाला
जैसें जाला पानी बिनूँ मीन में ॥ धुन ॥
भवप्रीता कहै हरि ! अन्तें दिह पद तरी,
ने भेजिहा शमन अधीन में ॥ धुन ॥

(३४) झूमर (कृष्ण लीला)

जमुना में जल भरी, जाय छलों घर फिरी,
दूती ! ने बुझये बतिया ।
घाट रोकि छुए चाहे छतिया रे दूती !
ने बुझये बतिया ।
॥ धुन ॥ "मोहन" बड़ी उतपतिया रे दूती !
ने बुझये बतिया ॥
एके जे, संझोती बेरी, सिर बो कांखे गगरी
दूती ! ने बुझये बतिया ।
मोरा नहिं कोइ संग सथीया रे दूती ॥धुन॥

लपकी लेला पकरी. भांगला दूयो गगरी,
दूती ! ने बुझये बतिया ।
आवे ने चले एको जुकतिया रे दूती ! ॥ धुन ॥
युगल मिलन हेरी, भवप्रीता प्रेम भरी,
दूती ! ने बुझये बतिया ।
पैरीं तरें खमल धरतिया रे दूती ! ॥ धुन ॥

(३५) झूमर (बंशी महिमा)

बांसु के बांशुरिया रे, बड़ी गुण तोर रे ।
॥ धुन ॥ हां रे, बांशी ! नाशले जाति कुल मोर रे ॥
तोरे शबदें बांशी ! भेले मति भोर रे ।
हां रे, बांशी ! चितेंजागे, कालिया किशोर रे ॥ ॥ धुन ॥
मना उचटावे रे, योबना करे जोर रे ।
हां रे, बांशी ! छटदे टपके नैना लोर रे ॥ धुन ॥
भवप्रीता कहे बांशी ! होये गेले शोर रे ।
हां रे बांशी ! तोही बांशी राधा चित चोर रे ॥ धुन ॥

(३६) झूमर

॥ धुन ॥ बांशुरिया ! तान में जोड़ले कैसें बाण ? २ ॥
बासु के बांशुरी तोंहें, नहीं आंखि कान,
बांशुरिया तैयो कैसें अचूक निशान ! ॥ धुन ॥

छीनले मदन सें कि भेंटलो दान ?
बांशुरिया, जही फूल बाणें ई गुमान ॥ धुन ॥
शब्दें मिलाये तीरा, करे बरिषान,
बांशुरिया, ले ले कत्ते अबला परान ॥ धुन ॥
शब्दें ब्रह्म मिलायये, कृष्ण भगवान,
बांशुरिया, भवभीताक् हरि पदें ध्यान ॥ धुन ॥

(३७) झूमर (भादुरिया) राधाक् प्रति कृष्णक् प्रेम वर्णन

राधे ! तोर प्रेमें मर्जी, गोकुलां राखाल साजी ।
जीवन किशोरी !
गो चराये फिरी जे विपिन गो ।
॥ धुन ॥ तयो तोर दरश कठिन गो
जीवन किशोरी ।
मरमें मूरति आंका, मोर पांखा राधा लेखा
जीवन किशोरी !
नाम रटे बांशी निशि दिन गा,
दयाकर, जानीके अधीन गो ॥ धुन ॥
तोंहीं जीवन संगिनी, तोंहीं प्रेम तरंगिणी
जीवन किशोरी !
हम तोर प्रेमे पानिक् मीन गो
तोहरे विरहें देहा खीन गो ॥ धुन ॥

खमाकरी संगे हरि, करिहि करूणा करि ।
व्रजेन्द्र किशोरी ।
चिदानन्दें भवभीतालीन गो ।
एकमेव द्वितीय विहीन गो ॥ धुन ॥

---

(३८) झूमर

कामिनी कुंतल जाल, सेहो जाल महाजाल,
बाझी गेलो, बाझी गेलो गे, धनी !
॥ धुन ॥ रसिका नागर कि बाझी गेलो ॥
कटाच भ्रूभंग रंगें, अनंगके बाण संगें,
मारि देली, मारि देली गे धनी !
हरिणा समान बाणे मारि देली ॥ ॥ धुन ॥
देखाये मधुर हाँस, लगाली पीरिति फाँस,
बान्धी लेली, बान्धी लेली गे धनी !
चोराके समान, पाशे बांधी लेली ॥ धुन ॥
अलिके कमल मधु, चकोरा के जैसन विधु
मोरा लेखें, मोरा लेखें, गे धनी !
तहँतें तैसन कि मोरा लेखें ॥ धुन ॥

(३९) झूलना (वर्षा आगमन)

वरषा ऋतु मंत्री आज, राजा भये मदन राज,
समर को पधारे ।
समर आश, विरही नाश, दादुर हलकारे,
॥ धुन ॥ . - बाजत घन मदन के नगारे ।
वरषत् बून्द सायक खरधारे ॥
बिजुली तलवार जान, देत वीर सघन शान,
विरही हिया फारे ।
चातक पिक गुण अधिक गावत सुख सारे ॥ धुन ॥
साजत सैन्य चारि ओर, शंख ध्वनि करत मोर,
झिंगुर के पहारे ।
आयुधकुल विविध फूल, विरही को सहारे ॥ धुन ॥
रण विचारि अति दुरस्त, रवि-शशि उभय अस्त
मेघ पहुवारे ।
चकित प्राण हरि के गान "भवप्रीता" उचारे ॥ धुन ॥

---

(४०) झूलना (गोपिनाक प्रेम वर्णन)

दूती ! पनिया वरषे, झिंगुर झंकारे प्राण
॥ धुन ॥ ने रहत वशें, दूती, पनिया वरषे ॥

राति अंधारी घोर, बिजुली चमके जोर,
दूती ! पनिया वरषे ।
मेघा गरजे मोरा कुहके हरषे ॥ धुन ॥
एकसरी लागे डर, हिया कांपे थर-थर,
दूती ! पनिया वरषे ।
निन्दो नाही विनु श्याम सरस परशे ॥ धुन ॥
केतकी चापा बकुल, फूटे कच मत फूल
दूती ! पनिया वरषे ।
पपीहा के पिया डाकें जीहा तरसे ॥धुन॥
विरह वेकल प्राण, मदने हानत बाण
दूती, पनिया वरषे ।
"भवप्रीता" युगल रूप उरसें दरशे ॥ धुन ॥

(४१) झूलना

गरजे बदरिया कि बिजुली लहरिया
हो राम ! राति अंधरिया ।
॥ धुन ॥ रिमी झिमी वरषये झरिया हो राम !
राति अंधरिया ।
कैसें जायबे एकसरिया हो राम ?
राति अंधरिया ।

जमुना किनरिया कि कुंज भीतरिया, हो राम !
राति अंधरिया ।
मोहन बजावे जे बांसुरिया हो राम ॥ धुन ॥
सुनिकें बांसुरिया कि चित् बउरिया हो राम !
राति अंधरिया ।
दँशें विरह विषधरिया हो राम ॥ धुन ॥
राति अंधरिया ।
इ भव सागरिया कि बड़ी भयंकरिया हो राम !
राति अंधरिया ।
"भवप्रीता" मांगें पदतरिया हो राम ॥ धुन ॥
राति अंधरिया ।
(कैसें तरबे बिनूँ तरिया हो राम)

———०———

(४२) झूमर (भरवारी) राधा के प्रेम वर्णन

सपना सगुण देखी, हर्षी उठली सखी,
दूतीसे कहथीं बतिया ।
फरकी उठला बाम अँखिया,
॥ धुन ॥ आजुरे, आवते कालिया ।

उरेखी बांधली जुरा लगावली पानक् बीरा
बिछावली झारी सेजिया ।
जागि रहली धनी रतिया ॥ धुन ॥
श्याम शबद सुनी, चमकी उठली धनी,
मिललो आगु लागिया ।
प्रेमें छल-छल चारी अंखिया ॥ धुन ॥
अंग परश सुखें, मूरछिता पति बुकें,
मुखसें ने फुटे बतिया ।
भवप्रीता भावे वनमलिया ॥धुन॥

(४३) झूमर (भादुरिया)

सुनी बांसुरी शबद, हियां उठले दरद
राम ! गेलो कुंज गलिया ।
बीधे तीरें मदन खेअलिया हो राम !
गेलों कुंज गलिया ।
॥ धुन ॥ मिले लागी मोहन शामलिया हो राम !
गेलों कुंज गलिया ॥
गरजे बरपे घन, एकेली डरावे मन ।
राम ! गेलों कुंज गलिया ।

रही रही छटके बिजुलिया हो राम ।
गेलों कुंज गलिया ॥ धुन ॥
फूलले कदम फूल, सौरभेंजे मारे शूल
राम गेलों कुंजगलिया ।
नाचे मोरा कुहके कोयलिया हो राम ।
गेलों कुंज गलिया ॥ धुन ॥
खोजलों राति सगर, कहूं ने मिले नागर
राम ! गेलों कुंज गलिया ।
भगवतीया चिते वनमलिया हो राम ।
गेलों कुंज गलिया ॥ धुन ॥

(४४) झूमर (घाटवारी दांड़ झूमरा)

चांद मुंहें धीर हँसी, गीयारी लगाय फांसी,
ई केकरी बहुआरी ?
॥ धुन ॥ नैनासें तीरा दिये मारी ।
ई केकरी बहुआरी ?
गोर देहें सोभे नील सारी
ई केकरी बहुआरी ?

एक धरे माथ परें, दूसरे कखीया धरे,
ई केकरी बहुआरी ?
छाती परें धरे दु गागरी ।
ई केकरी बहुआरी ॥ धुन ॥
केशा कमरी लोटाय, नाकें बेसरी सोभाय,
ई केकरी बहुआरी ।
जेवरा झलके बलिहारी ॥ धुन ॥
ताकेयूते जुगल जोरी, *भगवतीया* कर जोरी,
ई केकरी बहुआरी ?
खसे पैरी आंखी प्रेमवारी ॥ धुन ॥

(४५) झूमर

फूटे कदम वन अरू केतकी वन
छाय घटा घन शावन के ।
अब रति नायक, ले फूल सायक
मारन लागे विरही जन के ॥
॥ धुन ॥ बरषाने तरसावत जीहरा
सखी रे ! बिनु मनमोहन के ।

टपकत बुंदन नाचे शिखी गण
कुहकन कोकिल कुंजन के।
दमकत दामिनी पिऊ बिनूँ कामिनी
बिलपत यामिनी जापन के ॥ धुन ॥
पपीहा दादुर डाहुक झींगूर
करत शोर चहुँ ओरन के।
कल-कल नादिनी बहुत तरंगिणी
बहत झिकोरा सुपवन के ॥ धुन ॥
इ सुख रजनी दरश ही सजनी
जिहा चाहत पिऊ मिलन के।
भवप्रीता गति श्री राधापति
मति आश्रित हरिचरणन के ॥ धुन ॥

(४६) झूलना (कजरी)

लटकै शावन घन हेरी उचटे मन
कुहकत वन-वन मोर, ए राम !
शून भवन बीचें दामिनी छन-छन
॥ धुन ॥ दमकत छाई चहुँ ओर, ए राम !

पापी पपीहरा पिऊ पिऊ बोलै
सुनी शाले हिया मोर, ए राम !
पवन झीकोरें वन-तरु वर डोले
बरपे गरजी घनघोर, ए राम ! ॥ धुन ॥
राति अकेली डर लागे सेजिया पर
प्रीतम नहीं घर मोर, ए राम !
मारे मदन शर बेकल अन्तर
बाला यौवना करे जोर, ए राम ॥ धुन ॥
जल तट दादुर झींगूर बोले
सारस करत अनोर, ए राम !
"भवप्रीता" तनमन औ नयन बीच
खेलत नन्द किशोर, ए राम ॥ धुन ॥

(४७) झूलना

सजनि सुनु बचन, चित भेल उचाटन
बाजे घन बँशी-बँशीधर के
॥ धुन ॥ राति दुपहर के ॥
बरपे शावन राति, निपटे अंधार अति
कैसें दूती ! देखब नागर के ?
राति दुपहर के ॥ धुन ॥

बिनूँ माधव मिलन, आवे ने रहे जीवन,
मदन दहन फूल शर के,
राति दुपहर के ॥ धुन ॥
द्विज भवप्रीता भने मोर हृदि वृन्दावनें
रास लीला राधा राधा वर के ।
राति दुपहर के ॥ धुन ॥

---

(४८) झूलनर (झूलन पाला) बंगला मिश्रित
— त्रिपदी —

आहा ! कि माधुरी श्रावन शर्वरी
ताहे शुक्ला एकादशी ।
कुंज मध्यस्थले, नीप डाले दोले
श्याम कोले राय रूपसी ।
सखिरा दोलाय, चामर ढुलाय
मुखे गाय प्रेम गीति ।
युगल मूरति हेरी सह रति,
रतिपतिर अधोगति ।
झलकत मरकत, दुह जन अंग,
जड़ित इन्द्र नील हिरक संग ।

रूप द्युति चमकत, मंजुज कुंज
गुंजत भ्रमर घुमि फूल पुंज
पियु-पियु कुंजत पपीह विहंग ।
उथलत मन्मथ सिन्धु तरंग

---

(४९) झूलनर (झूलन)

आकाशें वारि पतन, कुंजे प्रेम वरिषन
सखि ! रसीक रंगीया ।
बांशुरी जार अधर संगीया रे सखि !
॥ धुन ॥ रसीक रंगीया ॥
राधा सगें दोले त्रिभंगीया रे सखी !
रसीक रंगीया ॥
आकाशे मेघ गर्जन, कुंजे मूरली गुंजन
सखि ! रसीक रंगीया ।
अपरूप शोभार भंगीया रे सखी ! ॥ धुन ॥
आहा ! कि शोभा निरखी गिरि शृंगें नाचे शिखी
सखि ! रसीक रंगीया ।
कुंजें नाचे गोपी विहगीया रे सखि ॥ धुन ॥

मेघ कोले सोदामिनी, श्याम वक्षे विनोदिनी
सखि ! रसीक रंगीया ।
रहे परस्पर आलिंगिया रे सखि ! ॥ धुन ॥
चारि चरण कमले, मधु लूटे कुतूहले
सखि ! रसीक रंगीया ।
"*भक्तप्रीतार*" से मन भ्रिंगिया रे सखी ॥ धुन ॥

(८०) झूलनच (झूलन)

राधा संगें झूले श्याम रूपें हारे रति काम
लागे झूला निकुंज भीतर में—
॥ धुन ॥ मूरली अधर में ॥
झूलावे व्रज सुन्दरी, ढुलावे चौंवरा धरी,
कंगना झंकारे हाथा पर में,
बिजुली नजर में ॥ धुन ॥
डारी नाचे मौरी मौरा, फूल में गुंजरे भौंरा,
मधु झरे पपीहा के स्वर में
कोकिला कुहर में ॥ धुन ॥
युगल रूप माधुरी, हेरी के नयना भरी,
भक्तप्रीता आनन्द अन्तर में,
खसे पैरों पर में ॥ धुन ॥

(८१) झूलनच (झूलन)

सावन निशि विमला, वृन्दावने प्रेम लीला
झुलावये जते गोपी कुल,
॥ धुन ॥ दोले राधा श्याम प्रेमाकुल ॥
यमुना पवनान्दोले, दोले तरंग हिल्लोले
डाले दोले मयुरा मंजुल ॥ धुन ॥
मेघेते बिजुली दोले, पुष्पलता तरू कोले
दोले रे; भ्रमर धरी फूल ॥ धुन ॥
"*भक्तप्रीता*"॥ हृद् कमले, किशोर किशोरी दोले
बहे प्रेमा-नील-अनुकूल ॥ धुन ॥

---

(८२) झूलनच (राधाके विरह वर्णन)

सुनिया सघन मुरली तान हरि प्रेमाकुल मेल पराण
बिसरल सुधि घर के ।
बिनु श्री श्याम दहत काम बरषा फूल शर के
॥ धुन ॥ बाजन घन बंशी, बंशीधर के
नागर के, नटवर के, गिरिधर के ॥
बरषे भयान भादव राति, सघन चमके बिजूली बाति
गरजन जलधर के ।

बिनूँ गोविन्द नाहिक निन्द,
सेज सम विषधर के ॥ धुन ॥
लइया मालती मधुर गंध, बहत पवन मन्द-मन्द,
गुँजन मधुकर के।
दारुण पपीहा रटे पिया-पिया
उरसे पीर जहर के ॥ धुन ॥
सारस करत सरस गान, प्रेम रस बिनु तरसे प्राण,
सुरति रसिक वर के।
भवप्रीता मन चंचरीक् येन
कमल पद सुन्दर के ॥ धुन ॥

(८६) झूमर (मदवारी)

॥ धुन ॥ भादव अंधारि भयंकर, राति लागे डर।
बदरा गरजै घोर मोरा बोले कठोर,
रूप धारें झरै जलधर
राति लागे डर ॥ धुन ॥
निकुंजें नाहीं नागर मदनें हानत शर
दंगशो विरह विषधर
राति लागे डर ॥ धुन ॥

मोही वियोगिनी पावी, देखावे संयोग छवी,
फूले बैठी निलज भ्रमर
राति लागे डर ॥ धुन ॥
पीऊ कहाँ कही-कही उपहास करे मोही,
निदारुण पपीहा पामर
राति लागे डर ॥ धुन ॥
भवप्रीताक हृद कमलें खेलें सदा कुतूहलें
राधा संगें गधा मनोहर
राति लागे डर ॥ धुन ॥

(८७) झूमर (बेल पत्र के प्रति)

हरीहर गाछें मौरा, हरीहर अंगिया,
हरीहर शोभे सुगिया विहंगिया गो। हरिहर.....
हरीहरे नील मेघ तरंगिया गो ॥
हरीहर तीरें पीये, हरीहर भंगिया।
हरीहर रंगें मन गेल रंगीया गो ॥ धुन ॥
हरीहर प्रेमे मन उमंगिया
हरीहर बेलपत्र तोड़े सभे संगिया।

नहीं डरे हेरी बाघिनी भुजंगिया गो
बनी गेले सभे नन्दी भिरिंगिया गो ॥ 'बनि' गेले...
भक्तशीलाक हृदिं बीचें उमा अरधगिया
नाचे भोला जटाँ उमड़ये गंगिया गो ॥ नाचे...

---

(८८) झूलनच (राधाक विरह वर्णन)

सुनिया सघन मुरली तान हरि प्रेमाकुल भेल पराण
विसरल सुधि घर के ॥
बिनूँ श्रीश्याम दहत काम बरषा फूल शरके
॥ धुन ॥ बाजत घन बंशी, बंशीधर के
नागर के, नटवर के, गिरिधर के ॥
बरषे भयान भादव राति सघन चमके बिजूली बाति
गरजन जल – धर के ।
बिनूँ गोविन्द नाहिक निन्द,
सेजसम विषधर के ॥ धुन ॥
लइया मालती मधुर गंध, बहत पवन मन्द-मन्द
गुँजन मधुकर के ।
दारुण पपीहा रटे पिया-पिया

उरसे पीर जहर के ॥ धुन ॥
सारस करत सरस गान, प्रेम रस बिनु तरसे प्राण
सुरति रसिक वर के ।
भक्तशीला मन चचरीक् जेन
कमल-पद सुन्दर के ॥ धुन ॥

SAHITYA ARADHAK SANSTHAN VARANASI
Library
3.877

---

(८९) झूलनच (आदुरिया)

भादव घोर रजनी हमें कुंजें एकाकिनी हे,
मधुर मधुर सुरें बाजे बांसिया
॥ धुन ॥ सखि ! साले मोर हीया ॥ मधुर.....
मेघा घन गरजे रिमि झिमि बरषये हे,
कोकिला के कुहुस्वरें जारे अँगिया ॥ धुन ॥
केतकी सौरभ बाण, मदने साधे निशान हे,
पीऊ पीऊ रटे राति पापी पपीहा ॥ धुन ॥
द्विज *भक्तशीला* भने माधव अन्तिम खने हे,
उबारीहा मौ सागरें दीने करी दया ॥ धुन ॥

---

(८७) झूमर (भादुरिया)

बरषे भादव राति दिशि ने सुझाय

॥ धुन ॥ बिनूँ बन्धुआ रे सखी ! चित अकुलाय ।

बिजुली छटकै छने मेघ गरजाय

आधि रतिया रे सखी ! मदन सताय ॥ धुन ॥

मौरा कुहूक सुनी अबला डराय,

कारी कोलिया रे सखी ! जीहा जराय ॥ धुन ॥

गमके मालती फूला बहे पूरबाय

फूल सेजिया रे सखी ! मोहि ने सुहाय ॥ धुन ॥

भवप्रीता राधाकृष्ण चरण धेयाय

युगल छबिया रे सखी ! झलके हियाय ॥ धुन ॥

---

(८८) झूमर (भादुरिया) छन्द मिश्रित

— अभिसार वर्णन —

छन्द

बिरहिनी नारी उमर किशोरी

भादव राति अंधारी (हो)

भादव राति अंधारी

निन्दो ने आवे मदन सतावे

तापर आफत भारी (हो)

तापर आपत भारी ।

(भादुरिया) झूमर

बाजे मोहन बँसुरिया भिंजी चुनरी ।

गोरी बरषे बदरिया भिंजी चुनरी ॥ धुन ॥

(छन्द)

सुनिके बांसुरी मति भई बावरी,

चित बसी गये मुरारी (हो)

चित बसी गये मुरारी ।

चलूँ वही वन, जहां मन मोहन

श्याम बँसुरिया धारी [हो]

श्याम बँसुरिया धारी ।

(भादुरिया) झूमर

मोहि ने सुझे डगरिया भिजि चुनरी ॥

नैना झरे जैसे झरिया भिजि.....

(छन्द)

मलका मलके घटिया झलके

फिर तो वही अंधारी (हो)

फिर तो वही अंधारी ।
चरण चलेना रहत बनेना ।
त्रिशंकू दशा हमारी (हो)
त्रिशंकू दशा हमारी ।

(भादुरीया) झूमर

डर लागे एसकरीया सुधि बिसरी
शांकरी कुंज गलीया भिजि चुनरी ॥
नैना झरे जैसेँ झरिया भिजि चुनरी

(छन्द)

राति बीच मग ठाढ़ी अचल पग
श्री वृष भानू दुलारी [हो]
श्री वृष भानू दुजारी ।
भवप्रीता चित राधा संग नित
खेलैं राम बिहारी [हो]
खेलैं रास बिहारी ।

(भादुरीया) झूमर

जैसेँ बादल बिजुरिया युगल जोरी ॥
॥ धुन ॥ नैना झरे जैसेँ झरिया भिजि चुनरी

(८९) झूमर (भदवारी)

सुनीके मूरली ध्वनि, निन्दा से जागी तखनी ।
अखिया मेढ़ तें धनी धाय जहां श्याम राय,
॥ धुन ॥ कुंजे पैसी मूरली बजाय जहां श्याम...
कामिनी यामिनी जोगें जाय जहां श्याम राय,
कुंजें पैसी मूरली बजाय ॥
भादव राति अंधारी, सूपें धारें झरे झरो,
बिजुलिया आंखि झलसाय, जहां श्याम राय ॥कुंजे ..
झींगुरां करे अनोर, मौरा बोले कठोर,
सेही शुनी जांहा जे डराय, जहां श्याम राय ॥
कुंजे पैसी.....
फूल बाणें उड़ी जाय, भवप्रीतानन्द गाय,
अन्तरें युगल छवि छाय, जहां श्याम राय ॥ कुंजे पैसी...

---

(९०) झूमर (राधाकू रूप वर्णन)

तोर मुख हेरी टूटे शशी के गुमान
बिहुसावे सजनि दिये जैसे पीरिति के शान ।
नोहरो भौंवा धनी ! धनुका समान ।

मारि देली सजनि हृदये नयना के बाण ॥ मारि...
यौवना कमल कली चितें अनुमान ।
सेहो देखी सजनी ललचये रसिक पराण ॥ सेहो ..
तोहरो रूपें हराबल जे गेयान
दीन राति सजनी भवप्रीताक् हरि पदे ध्यान ॥

(६१) झूलना

नामी तोर केशिया तरुण वयसिया
दाँते शोभे रे उरेखल मिशिया (दाँते शोभे)
दुयोरे यौवना जैसें मदन कलशीया
सेहो देखी मोरमन गेले रसिया (सेहो देखी)
तोरो रूपे झलकये चहुं दिशिया ।
बोले धनी मुखें हँसी रे बिहुसिया (बोले धनी)
भवप्रीता कहे प्रेमे सुनिले रूपसिया
जुगल बिनूं चित हमरो उदसिया तोरा बिनूं)

(६२) झूलना (भादुरिया)

झलके बिजुली रे गरजे घनघोर ।
रे गरजे घनघोर ।
॥ धुन ॥ राति कुंजें एकेली रे, तड़पे जीहा मोर ।

पापि रे पपिहा पिया पिया करे शोर
पिया पिया करे शोर ।
आधि राति बिंधये तीरें मदन कठोर ॥ आधि...
झींगुर दादुर बोले कुहूकत मोर
बनें कुहूकत मोर ।
सुनी कोयली के शोर रे, बाढ़े विरह घोर ॥
बून्दा टपके दिये पवन झीकोर
सखी, पवन झीकोर ।
भवप्रीता श्री राधा श्याम भावे जे विभोर ॥

(६३) झूलना दांड झूमरा (भदुरिया)

चाननी सोहान राति, मगन चकोर गे सजनी
॥ धुन ॥ सजन चकेवा चकेवी दुखि आँखिया लोर ।
चंदना के डारी कोयली पपीहा के शोर गे सजनी,
सजन, कदमाके डारीं चढ़ि नाचे जे मोर ॥ धुन ॥
आधि राति मारे तीरें, मदन कठोर गे सजनी,
सजन, दगधे विरह आगि जिहा जे मोर ॥ धुन ॥
भवप्रीताक् मन कुंजें, लागे प्रेम डोर गे सजनी,]
सजन, तहमाँ जे निते दोले किशोरी किशोर गे सजनि ॥धुन॥

(६४) झूलना (भादुरिया) भादव रातिक वर्णन

राति अंधारी बने, जूगूनू झलकनमा कि
वन देवी ।
पिन्हें रतन गहनमा कि
वन देवी । पिन्हे.....
नाचे देवी गावे गीता कोकिल कुजनमा कि
पइयां बाजे । ?
पायल झींगुरा गुंजनमा कि
पइयां बाजे ।। पायल...
संगें यमुना नाचे कल्लोल कीर्त्तनमा कि
पूछ दये हूके
मौरा मगनमा कि
पूछ दये हूँके । मौरा.....
मृदंगादि बाजा बाजे, दादुर रटनमा कि
भवप्रीता ।
भावे हरि के चरणमा कि
भवप्रीता ।

(६५) झूलना (हिन्दी)

श्याम चले राधा के पास
डिमिक डिमिक डमरू के ताल
बम बम बम बम बाजे गाल ।। श्याम.....
हो राधा जी ! छोड़ो मान
यही सींघा में देता तान
माफ करो अब मेरा दोष
दास समझ कर छोड़ो रोष ।। माफ...
इसी तरह चलते घनश्याम ।
जा पहुँचे राधा के धाम ।
जहाँ प्यारी सखीयन के साथ
करती थी माधव की बात ।। जहाँ...
देख कर नवीन योगी राज
चौंक पड़ी सखीयन समाज ।
उसी तरफ सब देतो ध्यान ।
भवप्रीता के हरि गुण गान ।। उसी...

श्री कृष्ण मथुरा गमन

(९९) झूमर (भादुरिया)

(छन्द)

अक्रूर के रथे हरि जब बैठल जाय ।
गोपी संगे दौड़ो राधा कहे अगुआय

झूमर

राधा कहे बाट रोकी यहीं रह कमल आंखो
॥ धुन ॥ श्याम ! ने जाह मथुरा ॥
गोपी होते विरह विथुरा
हे श्याम ! ने जाह मथुरा ॥
आंखियां रहतें अन्ध, होयते जसोदा नन्द
श्याम ! मे जाह मथुरा ।
के सुनाते बंशीवा के सुरा हे श्याम
ने जाह मथुरा ॥ धुन ॥
सभे गोपी आंखी लोरें, जमुना बहते जोरें,
श्याम, ने जाह मथुरा ।
काद होते गोकुला के धूरा हे श्याम !
ने जाह मथुरा ॥ धुन ॥
भवप्रीताक् हृदि वासें, दुइयो रही खेल रासें

श्याम, ने जाह मथुरा ।
ई वासना ने राख अधूरा हे श्याम !
ने जाह मथुरा ॥ धुन ॥

---

(९७) झूमर (भादुरिया) राधाक् विरह वर्णन

किछु ने राखल बांकी, तेजी गेल कमल आंखी
एका राखी, भांगी प्रेम पिंजड़ा उड़ल पाखी ।
॥ धन ॥ सुन प्राण सखी !
भादरा बादरा जोखें झरे आंखि ॥
मेघा बरषे डाकी, राति बीते जागि-जागि
एका थाकी,
व्याकुल पराण से बंधुआ लागि ॥ धुन ॥
जलद् लीला निरखी, शिखनी सहित सुखी
नाचे शिखी,
कामे मारत बाण विषे माखि ॥ धुन ॥
हरिक् रूप चित्ते राखी, भवप्रीता कहे हांकी
सदा देखी,
युगल मूरतिया मरमें आंकि
सदा देखी ॥ धुन ॥

(६८) झूम्मर (भदवारी)

तेजले मोहन मन भेले दुनमुन रे ।
उड़ी गेले शुगना पिंजड़ा भेले शून रे ॥ उड़ी गेले..
माधो के विरह उधो ! अन्तरे कठीन रे !
रावण के चिता जोखें धिधके आगिन रे ॥ रावण...
श्याम बिना तड़पये जीहा निशि दिन रे ।
तड़पे मछुली जैसें, भये पानीस भीन रे ॥ तड़पे...
राधा माधव चारी, चरण नलीन रे ।
भवप्रीताक् मन भौंरा तहिमेजे लीन रे ॥ भवप्रीताक् .

---

(६९) झूम्मर (भादुरिया) राधाक् विरह वणन

माधव लये अक्रूर चली गेला मधुपुर,
सुन करी एहो नन्द ग्राम सखी ।
सुन करी एहो नन्द ग्राम ।
॥ धुन ॥ हाय रे ! करम भेले वाम ॥
गोकुला भेले अंधार, प्राण करे हाहाकार
आवे ने राखवें जीहा हाम सखो !
आवें ने राखवे जीहा हाम ॥ धुन ॥

पंछी जों रहेतलों, उड़ी पिया मिले तलों,
नारी सें ने बने एको काम सखी
नारी सें ने बने एको काम ॥ धुन ॥
भवप्रीताक् चित माझे प्रेम के रास विराजे
तहाँ नितें खेले राधा श्याम सखी
तहाँ नित खेले राधा श्याम ॥ धुन ॥

---

(७०) झूम्मर (भादुरिया)

जेही दिन गेला श्याम, विधि मोही भेल वाम
सखो ! सभे सुन भेले ।
॥ धुन ॥ गोविन्दे गोकुला तेजी गेले रे सखी ।
सभे सुन भेले ॥
दिने जे लागे अंधार, वरषे जलद धार .
सखी ! सभे सुन भेले ।
राधा मन सुन करी देले रे सखी !
सभे सुन भेले ॥ धुन ॥
बदरा वरषे जैसें, दुयो आंखि झरे तेसें
सखी ! सभे सुन भेले ।

तयो हिया आगि ने मिझाले रे सखी ।
सभे सुन भेले ॥ धुन ॥
भवप्रीता कहे तबे जों सुनें भेले सभे,
सखी ! सभे सुन भेले ।
प्राणं काहे देहा में रहले रे सखी !
सभे सुन भेले ॥ धुन ॥

(७१) झूलना (भादुरिया) राधाक विरह वर्णन

ऐसन निंदिया में अगिया लागी जाय
हे अगिया लागी जाय ।
कौनें मोर कन्हैया लाल ले गेली चोराय ॥
एत्ते रे, जानेतों निल मणि चोरी जाय
निल मणि चोरी जाय ।
गांथीं मोती के हारें गरें देतों लटकाय ॥ २ ॥
जागि रे, सगरो निशी, राखेतों जोगाय
सखी ! राखेतों जोगाय ।
भोर भोरें भौंवरा देतों कमले लगाय ॥ धुन ॥
प्राणें, मदन जाला सहलो ने जाय
सखी ! सहलो ने जाय ।
भवप्रीता कहथी राधा गेली घबराय ॥ धुन ॥

(७२) झूलना (भदवारी)

गरजे बदरा घोर, हिया मारे शैल गो
असमये,
मोरे पिया तेजी गेल गो,
असमये.....॥
सांचलो यौवना मोर, विफले गेल गो,
गुणी-गुणी हियरा झांझर भेल गो,
गुणी गुणी.....॥
रानि हेरी मने पड़े, सुख रानि खेल गो
फूल शरें
कामे विकलिया देल गो,
फूल शरें.....॥
कैसें काटबे राति, कुंजें एकेल गो
भवप्रीता ।
हरि पदें मजी गेल गो
भवप्रीता.....

—•—

(७३) झूलना (भादुरिया)

। तेजी गेला यदुपतिया
गे सजनि ! सजन
तब सहीं दिने लागे यहां घोर रतिया ।
गे सजनि ! सजन ॥
कैसें भूलब हम माधव पीरितिया
गे सजनि, सजन !
हियरां समाये गेले श्यामली सुरतिया
गे सजनी.....
लोरा कजरा कारी कानी नखा सतिया
गे सजनि ! सजन ॥
लिखबे अंचरा चीरी पिया प्रेम पतिया
गे सजनी, सजन !.....
ने सुहावे धन जन जीवन धरनिया
गे सजनी सजन
भवप्रीता हृदे साजे युगल मूरतिया
गे सजनी ! सजन ॥
भवप्रीता.....

(७४) झूलना (भादुरिया)

॥ धुन ॥ कोयलिया ! यहाँ काहे राति करे शोर ?
कोयलिया.....॥
यहाँ जे बिधुरावाला बहावये लोर ।
कोयलिया विरह अगिनि चहूंओर ॥ धुन ॥
मथुरा में बोलें जहाँ कालिया किशोर
कोयलिया ! कुबजी से करये किलोर ॥ धुन ॥
केली कुंजें बासा बांधी करिहें अनोर
कोयलिया ! जहाँ बंशी टेरे मन चोर ॥ धुन ॥
लेले जाहीं मोरा भौंरा मलया झकोर
कोयलिया ! *भवप्रीता* युगल भावे भोर ॥धुन॥

---

(७५) झूलना (भादुरिया)

॥ धुन ॥ जब से तेजला वृन्दावन नील माधव
तब से मलीन भेले मन ।
पीरिति जोरी के हरि, तेजी गेला मधुपुरी,
तहाँ जाये कुबजी मिलन ॥ धुन ॥
सुन लागे घाट बाट, सुन नन्दक राजपाट
सुन लागे श्रीरास भवन ॥ धुन ॥

निन्दा भूखा सभे गेल, हियरा झांझरी भेल
आधि राति दग्धे मदन ॥ धुन ॥
भवप्रीतां भावे मन राधा माधव चरण
शमन दमन निरंजन ॥ धुन ॥

---

(७६) झूमर

॥ धुन ॥ अँखियां निन्दो नाही अखियां निन्दो नाहीं
अँखिया निन्दो नाहीं ।
के आनते श्यामक् धरी बांहीं,
अँखियां निन्दो नाहीं ॥
भादो राति भयंकर एकसरी लागे डर
अँखिया निन्दों नाहीं ।
ने आले नागर कुंज माहीं ॥ धुन ॥ अंखीय ..
जेही कुंजें चन्दा रानी, बैठली साजी मोहिनी
अखियां निन्दो नाहीं ।
मोहन रहला राति बांही ॥ धुन ॥ अंखीया निन्दो...
विरहे वेकल प्राण, मदने हानत बाण
अँखियां निन्दो नाहीं ।
सेजा जैसन बरकले लाही ॥ धुन ॥

भवप्रीताक् श्रीनिवास ! अन्ते दिहा चिर वास
अंखिया निन्दो नाहीं ।
राधा संगे जहाँ तोहें ताहीं ॥ धुन ॥ अंखीया...

---

(७७) झूमर (गोपिनीक विरह वर्णन)

॥ धुन ॥ कलपी कलपी फाटे हिया
तेजी गेला माधव पिया ॥
कलपी कलपी फाटे हिया तेजि गेल माधव पिया
कही गेल दश दिन, बितल बरष दिन
तयो ने आवले कपटिया ॥ धुन ॥ तेजि...
जाति देलों कुल देलों, अपन पर सभीस गेलों,
कान्दी कान्दी ने सुझे अँखिया ॥ धुन ॥ तेजि ..
आँख गेल समांग गेल, गतर बिलाये गेल,
भावी गुणी झाझर देहिया ॥ धुन ॥
कांदी कहे राधा रानी, कुबजी भेले बेरिणी
भवप्रीता भावे त्रिभंगिया ॥ धुन ॥ तेजि...

(७८) झूमर

चंचल चित हमार, जैसे बिनु खेपनिहार
दूती ! ने आले कन्हैया ।
डगमग करे नदी नैया रे दूती !
ने आले कन्हैया ॥
॥ धुन ॥ आवी गेले बरषा भदैया रे दूती !
ने आले कन्हैया ॥
बाहर भीतर आर, करे प्राण पारम्वार
दूती ! ने आले कन्हैया ।
ठीके जैसें बिजुली झलैया रे दूती !
ने आले कन्हैया ॥ धुन ॥
बदरा बरषे जैसें, दुयो आँखि भरे तैसें
दूती ! ने आले कन्हैया ।
मारे तीरें मदन मुदैयां रे दूती !
ने आले कन्हैया ॥ धुन ॥
भवप्रीता के चितें श्याम, जैसें राधाक् लये वाम
दूती ! ने आले कन्हैया ।
देखा दिहा आखिरी समैया रे दूती !
ने आले कन्हैया ॥ धुन ॥

(८०) झूमर (बादुरिया)

॥धुन॥ उधो, कि कहब तोरा, चित चोराय भागल चित चोरा
हे उधो ! कि कहब तोरा ।!
दे गेला दारुण दुख मोरा।
हे उधो ! कि कहब तोरा ॥
हमरा बिसारी हरि, अब जाये मधुपुरी
उधो ! कि कहब तोरा ।
कुबजी से करत किलोरा
हे उधो ! कि कहब तोरा ॥ धुन ॥ दे गेला...
सुन करल वृन्दावन, सुन राधा के जीवन
उधो ! कि कहब तोरा ।
सुन करल जसोदा के कोरा
हे उधो ! कि कहब तोरा ॥ धुन ॥
यहाँ सभे सुखी गेल, जमुना में बाढ़ भेल ।
उधो कि कहब तोरा
पाये नित गोपी आँखिक् लोरा
हे उधो ! कि कहब तोरा ॥ धुन ॥
डारे ने नाचत मोरा, फूले ने बैठत भौंरा
उधो ! कि कहब तोरा ।

ने सुनावे मुरली के सोरा
हे उधो ! कि कहब तोरा ॥ धुन ॥
भवप्रीता हृदि मांझ, सदा करत विराज
उधो ! कि कहब तोरा
राधा संगें श्रीनन्द किशोरा
हे उधो ! कि कहब तोरा ॥ धुन ॥

(७९) झूलना (भादुरिया) उद्धव के प्रति राधाक् उक्ति

॥ धुन ॥ उधो हमरे अभाग, उधो हमरे अभाग
उधो हमरे अभाग ।
हुनको ने दोष ने हुनका सनी राग
उधो हमरे अभाग ॥
जबलें लीलारें छले माधव सोहाग
तबले सेवलों हरि, करि सभे त्याग ॥ धुन ॥
मोही तेजी कुबजी से नव अनुराग,
देलथीं दरपणियां में हीरवा के दाग ॥ धुन ॥
जबलें जीयबे सुख भोग सें विराग,
राखबे चरणमा में मतिया सजाग ॥ धुन ॥
भवप्रीताक् दहे प्रभु ! विषवा के आग,
देहो नाथी विषय वासना रूपि नाग ॥ धुन ॥

(८०) झूलना (भादुरिया)

जोड़लों पीरिति तोरी, हमरा बिसारी हरि,
॥ धुन ॥ चली मेला मथुरा नगर में,
कुबजी के घर में ॥ चली मेला.....
आवल बरषा ऋतु, भांगल धैरज सेतू,
भसावल विरह सागर में ।
जलन्ते जहर में ॥
भसावल.....
वारिधारा, रूपें काम, बरपे शर अविराम,
अबला कि टिके इ समर में ।
पति नाहीं घर में ॥
अबला कि.....॥ धुन ॥
(हरि) सभी के जे उबारिहा, भवप्रीताक् डुबाय दिहा,
एक रस चैतन्य सागर में ।
अनादि ईश्वर में ।
एकरस.....
[फेरू ने जठर में] ॥ धुन ॥

——o——

(८१) झूलना (भादुरिया)

यहाँ विना मधु रिपु, मधु ऋतु जारे वपू,
कोकिल काहे कुहू के ?
के वैरिणी मोहले बंधु के
रे कोकिल !
काहे कुहूके ?
॥ धुन ॥ तोर बोली चुमे शेल धुके
रे कोकिल !
काहे कुहूके ॥
हम विधुरा रमणि जारे विरह आगिनि
कोकिल काहे कुहू के ?
मलया बतासे आगिन हुके
रे कोकिल !
काहे कुहूके ॥ धुन ॥
अमाके मंजरी बाण, मदन साधे निशान,
कोकिल काहे कुहूके ?
टानी निज फूल के धनु के
रे कोकिल !
काहे कुहूके ? ॥ धुन ॥

भौंरा के गुंजन गान, पपिहा के पिया तान,
कोकिल काहे कुहूके ?
कमल सौरभें नागें फूके
रे कोकिल !
काहे कुहूके ? ॥ धुन ॥
भवप्रीताक् अन्तें हरि, जम भय से उबारि,
कोकिल, काहे कुहूके ?
राखी लिहा, आपन मूलूके
हे हरि !
कोकिल कुहूके ! ॥ धुन ॥

---

(८२) झूलना (भादुरिया)

अक्रूरजे क्रूर भेल, हरी हरि लये गेल
सखि ! नन्दके नन्दन ।
॥ धुन ॥ बांधी गेला पीरिति बन्धन रे सखि !
नन्दके नन्दन ।
गोकुला में उठाले क्रन्दन रे सखि !
नन्दके नन्दन ॥ धुन ॥

शुन्य हृदय मंडल, लहरे विरहा नल

सखि ! नन्दके नन्दन ।

जोरें जरे जीवन इन्धन रे सखि !

नन्दके नन्दन ॥ धुन ॥

हमरा जोगिनी करि, देलथीं भसम झोरी,

सखि ! नन्दके नन्दन ।

कुबजी के आदर चन्दन रे सखि ।

नन्दके नन्दन ॥ धुन ॥

भवप्रीता प्रेम भरी, राधा कृष्ण ध्यान धरी,

सखि ! नन्दके नन्दन !

करे नित्य चरण वन्दन रे सखि !

नन्दके नन्दन ॥ धुन ॥

(८३) झूलना (मारवाड़ी)

फेकी विरह सागरें, रहला श्याम मधुपुरें

(राम) श्यामली सुरतिया ।

तयो ने टूटे मोर पीरितिया हो राम !

॥ धुन ॥ श्यामली सुरतिया ॥ तयो ने...

भूललो ने जाय से मूरतिया हो राम !

श्यामली सुरतिया ॥

पहले जतन करि, वंशी में सनेही भरी

राम ! श्यामली सुरतिया ।

प्रेम जोड़ल छल मतिया हो राम ।

श्यामली सुरतिया ॥ प्रेम.....

राति मेघा अंधारी, गरजे बरये भारी

राम ! श्यामली सुरतिया ।

मलका मलके कापें छतिया हो राम !

श्यामली सुरतिया ॥ मलका...

एकेलि डरत प्राण, कामे मारे फूल बाण,

राम ! श्यामली सुरतिया ।

भवप्रीताक हरि पदें गतिया हो राम !

श्यामली सुरतिया ॥ भवप्रीताक् ...

(८४) झूमर (भादवारी)

जों जों गरजये कारि रे बदरिया
रे सजनी !
॥ धुन ॥ तों तों बेयाकुल प्राण रे सजनी ॥
जैसें-जैसे चमकये सोना के बिजुलिया
रे सजनी !
छट छट लागे फूल बाण रे सजनी ॥ छट ..
जारे यौवन वन विरह के अगिया
रे सजनी !
बेपछ भयला भगवान रे सजनी ॥ बेपछ...
भक्तप्रीता कहे हरि, अन्तर बिहरिया
रे सजनी !
तयो काटे विरह भयान रे सजनी ॥ धुन ॥

(८५) झूमर (भादवारी)

नदी उमड़लो वान, खेते हरिहर धान,
॥ धुन ॥ देखतें भदरा मोहान गे दूति !
कोकिला के कुहु गान, पपिहा के मीठी तान,
बदरा घेरल आसमान गे दूति ! देखतें...

आजूने आबला श्याम, बिधि होबल वाम,
मदने हानत हिया बाण गे दूति ॥ मदने...
कालिया कठोर रीति, देखि तड़पये छाती
भक्तप्रीताक् ने छुटे धेयान गे दूति ॥ धुन ॥

(८६) झूमर (भदवारी)

बनके सहेलिया रे, कारी कोयलिया !
॥ धुन ॥ कोयलिया, आधि रातिं काहे करे शोर ॥
पिया परदेशिया कि नोहरो रूपसिया ?
रूपसिया, जारे कि विरह दुख घोर ॥ धुन ॥
साथें तोर पखीया रे, तयो काहे दुखिया ?
रे दुखिया, पीउ जाह निज पिया ठोर ॥ धुन ॥
भक्तप्रीताक गतिया कि तोहीं श्री पतिया,
श्रीपतिया तोरे श्री चरणे गति मोर ॥

(८७) झूमर (मदवारी)

जहाँ बिरिहिनि बाला, एका कुंजें सहे जाला
तहाँ काहे, तहाँ काहे, बोले कोकिल
राति मझारि कि तहाँ काहे ? ॥
जहां जाये रस राज, कुबजी सें भोगे राज
तहाँ जाये, तहाँ जाये रे कोकिल !
बोलें जीहा भरी कि तहाँ जाये ॥
मधु अलि संगे करि, जाह कोकिल मधुपुरी
केलि बनें, केलि बने रे जहाँ,
बिहरे बिहारी कि केलि बनें ॥
भवप्रीता करे मन, सिरें धरी राधा धन
तहाँ जाये, तहाँ जाये रे कोकिल !
मिलावे मुरारी कि तहां जाये ॥
भवप्रीताक् साध भारि, कुबजी सें छिनी हरि
आनी ब्रजें, आनि ब्रजे रे कोकिल !
मिलावे किशोरी कि आनि ब्रजे ॥ धुन ॥

(८८) झूमर (गणेश वन्दना)

भादव मास आवल हरीहर धरातल
उमड़ये नदी दूती ! उमड़ये नदी !
सुमां रंथें उतरला गणेश धरती
दूती सुन्दर मूरति ।
॥ धुन ॥ तरुण अरुण छवि सिन्दुरा के ज्योति
दूती ! सुन्दर मूरति ॥
गजेन्द्र मुख सुन्दर एकदन्त लम्बोदर
भालें निशापति ।
दूती ! भालें निशापति ॥२॥
शिरें सिन्दुर शोभे लाल चादर धोती
दूती ! सुन्दर मूरति ॥ धुन ॥
चारि हाथें चमत्कार पाशांकुश कुम्भ आर
दन्त शोभा अति,
रतन मुकुता हार गलें गज मोती
दूती ! सुन्दर मूरति ॥ धुन ॥

परमानन्दे मगन, ढुलू ढुलू त्रिनयन
कमलें बसति !
दूती ! कमलें बसति !
दुहू गालें झरे मद भौंरा खेले माति
दूती ! सुन्दर मूरति ॥ धुन ॥
अग्रपूजा त्रिभुवने भवप्रीता श्री चरणे
करये प्रणति दूती ! करये प्रणति ।
विनायक विघ्न हर देह शुभ मति
दूती ! सुन्दर मूरति ॥ धुन ॥

---

(८९) झूमर (भदवारी) गणेश वन्दना

॥ धुन ॥ सभे देखाय जैसन लाल, सभे देखाय जेसन लाल,
लाले लाल बनो आपला गौरी के लाल ॥
गणेश जी के-देहा लाल, माला चन्दन लाल,
लाले कमलें बैठल चरण सोभे लाल ॥ धुन ॥
भांग पीके आँखि लाल, सिरें सिन्दूर लाल,
गला माणिक लाल धोती चादर लाल ॥ धुन ॥
अकाशें अरूण लाल, छटा से जगत लाल,

गालें कनेल जवा लाल पानीम् कमल लाल ॥ धुन ॥
भवप्रीताक् हृद कमल लाल, तापर दुर्गा पद लाल,
लाले लाल हेरी भागे काला वरण काल ॥ धुन ॥

---

(९०) झूमर (गणेश रूप वर्णन)

गज मुंह की सुन्दर, सिन्दुर कपार पर
दाढ़ाँ पर सोभे लाल धोतिया
हो, जय देव गणपतिया ॥
॥ धुन ॥ लाले लाल सुन्दर मूरतिया हो,
जयदेव गणपतिया ॥
लीलारें जे उगे चाँद, लाल चादर भरी कान्ध
चारि भूज गले गज मोतिया हो ॥ धुन ॥
भांग पीकें राति दिन ढुलू-ढुलू आँखि तीन,
दाँते छीन भीन वैरिक् छतिया हो ॥ धुन ॥
भवप्रीता मांगे वर, दया कर लम्बोदर,
दूर कर विपद कुमतिया हो ॥ धुन ॥

---

(९१) झूमर (गणेशक् विसर्जन)

कैसें तोरा देब विसर्जन प्रभु गजानन
॥ धुन ॥ कैसें तोरा देब विसर्जन ॥
आवतहे भादव मासें, सभे मगन हुलासें
सभी मिली पूजलों चरण
प्रभु ! गजानन ॥ धुन ॥
गीत वाद्य नृत संगे, समय विलल रंगे,
दिन राति समान जैसन
प्रभु ! गजानन ॥ धुन ॥
तोहरो लगावे भोग, सभी करें छला भोग,
पूजा पाठ ब्राह्मण भोजन
प्रभु ! गजानन ॥ धुन ॥
आरती करेतें तोर, अंखिया से खसे लोर,
नहीं होवे मंत्र उच्चारण
प्रभु ! गजानन ।
भवप्रीताक् दया करि, आश्विने आविह घुरि
माय संगें दिह दरशन ।
प्रभु ! गजानन ॥ धुन ॥

(९२) झूमर

॥ धुन ॥ तोरा में अम्बिका आगमन हे आश्विन
तोरा में अम्बिका आगमन ॥
लवे पूजा सरंजाम, लेले आयल्हे मर्त धाम
बिछाल्हे हरित कुशासन हे आश्विन ॥ धुन ॥
आनल्हें निरमल जल, लव्वे सेफाली कमल
बाजनाले भौंरा के गुंजन हे आश्विन । धुन ॥
लवे केतारिके रस, नवीन फल गोरस,
धूपा शीत सुगंध पवन हे आश्विन ॥ धुन ॥
आरती ले दिन निशि निरमल रवि शशि,
कांश फूला चामर शोभन हे आश्विन ॥ धुन ॥
भवप्रीताक् निंद लेल्हें, नव जागरण देल्हें
पूजे लागी अभया चरण हे आश्विन ॥ धुन ॥

(९३) झूमर

आवे फुटलो कांश, आवलो आश्विन मांस,
वही गेलो शीतल बतास गे दूती !
वही गेलो.....
दूर गेल मेघ घटा प्रकाशल चाँद छटा
आवे देवी पूजा के हुलाश गे दूती !
आवे देवी.....
ऐसन सोहान दिन, पिया तेजी भेला भीन,
मने नहीं भावे गृह वास गे दूती !
मने नहीं.....
"भवप्रीता" कहे गोरी आवे दुख थोरा थोरी,
कातिकें करीहा पियास् रास गे दूती !
कातिकें.....

(९४) झूमर भगवती दुर्गा रूप वर्णन भादुरिया घाटवाली



चन्द्रवदनी गौरी, चरण जे सोना सरी
आरूपा-स्वरूप धरी ।
दश भुजा सिंघे असवारी
॥ धुन ॥ देलथीं असुरे मारी ॥
बरछी चलाये बुका फारी ।
देलथीं महीषे मारी ॥
देलथीं असुरे मारी देलथीं असुरे मारी
देलथीं महीषे मारी । बरछी ..
रतन झलके अँगें, गणेश कार्तिक संगे
सरस्वती लक्खी प्यारी ।
जया आर विजया दुयो धारीं ॥ धुन ॥
भवप्रीता कर जोरी, चरणे मस्तक धरी,
कहत विनय करी ।
हेरू माता पलक उघारी ॥ धुन ॥

(९८) झूमर (भादुरिया)

शरत् के चांद हेरी मगन चकोर
सखि ! मगन चकोर ।
पिया नहीं गृह मोर, रे उमरिया जे थोर ।
पिया नहीं गृह मोर...॥२॥
कमलें गुंजरे भौंरा मधु रसें भोर
सखि ! मधु रसें भोर ।
दिये पवनें झिकोर रे, सिहरे अंग मोर ॥ २ ॥
फूल शरें विधे हिया मदन कठोर
सखि ! मदन कठोर ।
रे यौवना करे जोर, दु नयना वहे लोर ॥ २ ॥
कल ना पड़त सखि ! बिनू चित चोर
सखि ! बिनूं चित चोर ।
"भक्तप्रीता" कर जोर भावे कलिया किशोर ॥ २ ॥

(९९) झलरराई (ग्वाला समाज के लोक गीत)

उधो ! बड़ो भागी मिले निलमणियां रे ना,
उधो ! माधे लेलों पीरिति बन्धन नियारे ना ।२।
रामा रे, छीनी जे लेलके कुबजी रे सैतनिया
भला हो राम ।
रामा रे, छीनी जे लेलके..... ॥१॥
उधो ! रानि ने सोभे बिनूं चननिया रे ना,
उधो ! सोभये ने नदी, बिनूं पनियां रे ना ॥२॥
रामा रे, ने सोभये स्वामी बिनू तरूणिया
भला हो राम ॥
रामा रे ने सोभये.....
उधो ! नहीं जे रूचे भोजन पनिया रे ना,
उधो, राति नहीं आवे आँखि निंदिया रे ना ॥२॥
रामा रे, लोटे छयके सेजिया कारी रे,
नगिनिया भला हो राम ॥
रामा रे लोटे छयके.....॥३॥
उधो ! भवप्रीता, अधम परनिया रे ना,
उधो, ने करले पूनित करनिया रे ना

रामा रे, मांगे अन्ते हरि से पद तरणिया
भला हो राम ॥
रामा रे मांगें.....॥४॥

——०——

(९७) झूमर

॥ धुन ॥ मोहले भुवन दश चारि रे नारी !
तोर बलिहारी ॥
मोहनी के रूपें मात् चौरावला भोला नाथ
नारी तोर बलिहारी
गोपी प्रेमे जनमे मुरारी रे नारी ॥२॥
तोर बलिहारी ॥ धुन ॥
विधाता के मृगाकार, इन्द्र के आँखि हजार
नारी तोर बलिहारी ।
उजर चन्द्रमा बीचें कारी रे नारी ॥२॥
तोर बलिहारी ॥ धुन ॥
कते मुनिक तप नाश, कते शूरवीर दास
नारी तोर बलिहारी ।

सोना के गढ़ लंका देले जारी रे नारी
तोर बलिहारी ॥ धुन ॥
"भवप्रीता" कहे सार, तोहिं सृष्टि के आधार
नारी तोर बलिहारी ।
संसार मरू-भूमि के धारी रे नारी
तोर बलिहारी ॥ धुन ॥

(श्लोक) तारक मंत्र

वाराणस्यां पुरारिः परम करूणया
मोक्षदो विष्णुभक्तम् ।
गंगायां न्यस्तदेहं कथयति सततम्
प्राहकर्णे किलेदम् ।
नेयं काशी न गंगा नच भवति हरिर्नैव
चत्वं न चाहम् ।
सर्वं चैतन्य मात्रं जगदिद मखिलम्
स्वप्न वच्चिद् विवर्त्तः ॥

श्री श्री काशी धाम महात्म्य

तारक मंत्र (त्रिपदी छन्द)

जेकरो कहूने गति, वाराणसी तेकर गति
जगत में धन्य काशी धाम ।
जहाँ बाबा विश्वनाथ, बसे अन्नपूर्णा साथ ।
जीवकूं दियेल अनन्त विश्राम ॥
प्राणी करेल उद्धार, गंगा अर्द्ध चन्द्राकार
रूप धरी बहे अनिवार ।
ईजे आनन्द कानन, सदा शिव निकेतन,
यहे विश्वनाथ दरबार ॥
मरणी हारक गंगा तीरे, कहयीं कान के तरें
श्री तारक मंत्र मोक्षाधार ।
प्रभु दया के सागर, कान में भरती हर
ज्ञान उपदेश इ प्रकार ॥

---

(९८) झूलना

ने काशी, ने गंगा हरि, ने तों, ने हम त्रिपुरारी
सर्व व्यापी चैतन्य एक सार
॥ धुन ॥ अनित्य असार ।

यहो विश्व माया के विकार
अनित्य असार ॥
जल आर बरफ जैसन, चैतन्य आर जग तैसन,
स्वपन रचित निराधार
अनित्य असार ॥ धुन ॥
शंकर मुखें विशेष, पाये, ज्ञान उपदेश,
धरे जीवें चैतन्य आकार
अनित्य असार ॥ धुन ॥
द्विज *भक्तीता* भणे श्री शिव दुर्गा चरणे
अन्ते जैसें रहे मन हमार ।
अनित्य असार ॥ धुन ॥

---

(९९) झूलना (मदवारी)

॥ धुन ॥ समय के नदिया बही जाय, रे मन ले नहाय,
समय के नदिया बही जाय ॥
नाही ले पीले रे पानी, आगू लागी राखे आनी,
सुखलें नदी ने चले उपाय ।
रे मन ले नहाय ॥ धुन ॥

राखल पानी कर असनान, दोसरा के करें दान
जाय के बेरा संगे ले लगाय
रे मन ले नहाय ॥ धुन ॥
नहावे नहावे करी, जे बैठे आलसे भरी,
सेहो जे आखिरी पछताय
रे मन ! ले नहाय ॥ धुन ॥
भयप्रीता कहे हरि ! अन्तें जैसें युगल जोरी,
हृदय कमलें देखल जाय
रे मन ले नहाय...॥ धुन ॥

(१००) झूमर

दारूण बुढ़ापा देल देखा,
॥ धुन ॥ मन रे ! रूप रंगे पड़ी गेल फीका ॥
कार केश सफाकरि इशारां कहथीं हरि,
अबहूं दिल साफ करें बोका रे मन !
अबहूं दिल साफ करें बोका ॥ धुन ॥
अगिया जरे कें डरें, दंता टूटी भागे दूरें,
मुंहा भेल बानर के जोखा रे मन !

मुंहा भेल बानर के जोखा !
मन रे ! बात चीत भये गेल रूखा ॥ धुन ॥
सुन्दरी तरूणी होड़, बाबा कही लागे गोड़,
एक हूँ ने कहे प्राण सखा रे मन !
एक हूँ ने कहे प्राण सखा !
मन रे ! तयो नहीं मिटे प्रेम भूखा ॥ धुन ॥
भयप्रीता कहे हरि, आबी कें आखिरी बेरी,
राधा संगे चितें, दिहा देखा रे मन !
राधा संगे चितें दिहा देखा !
प्रभु हो, रहे जैसे युगल रूप आंका ॥ धुन ॥

(१०१) झूमर (भादुरिया) सखी उक्ति

घरें ने सासु ससुर, ननदी देरा भैंसुर
गौरी ! वर बम भिखारी !
एका भोला मशान बिहारी
॥ धुन ॥ हे गौरी ! वर बम भिखारी ॥
कैसें, करबै ससुरारी हे गौरी ?
वर बम भिखारी ॥

वर केने हीरा मोती, हाड़क माला चामक धोती
गौरी वर बम भिखारी ।
जटाक् नाग उठे फूकारी हे गौरी !
वर बम भिखारी ॥ धुन ॥
वरें जे खाये जहर, भंगिया आठो पहर
गौरी वर बम भिखारी
नहीं चार दाल तरकारी हे गौरी
वर बम भिखारी ॥ धुन ॥
वर के भसम संग, मलिन होते सोनाक् अंग
गौरी वर बम भिखारी ।
भूताक् रंग देखी जामे डरी हे गौरी !
वर बम भिखारी ॥ धुन ॥
भवप्रीता कहे माय, तोहीं अन्नपूर्णा जाय ।
गौरी वर बम भिखारी ।
कैलाशें उठाभे गड़ भारी हे गौरी !
वर बम भिखारी ।
दुवारीं पर कुबेर भंडारी हे गौरी !
वर बम भिखारी ॥ धुन ॥

(१०२) झूमर (भादुरिया)

देख करमेर फेर, गज माथा गणेशेर
अति न्यारी दूती ! अति न्यारी ।
भीक्षा करेन विश्वनाथ त्रिपुरारी ॥
॥ धुन ॥ दूती अति न्यारी करमेर गति दूती अति न्यारी ।
महाबल राजानल, जार आज्ञा माने अग्नि जल,
अति न्यारी, दूती, अति न्यारी
सारथी होइला पाशाय राज्य हारी ॥ धुन ॥
करमेर गति दूती अति न्यारी
काल राजा होवेन राम, करम होइलो बाम
अति न्यारी दूती अति न्यारी ।
पितार वचने आज बन चारी ॥
करमेर गति दूती अति न्यारी ॥ धुन ॥
भवप्रीता कहे दूती ! आवाध करमेर गति
अति न्यारी ! दूती अति न्यारी ।
चक्राकार घुरे नाजाय निवारी
दूती अति न्यारी
करमेर गति दूती अति न्यारी ॥ धुन ॥

(१०३) झूमर (विद्या महिमा)

चाम के आँखी से देखा, पशु पक्षी समान लेखा
बिनू विद्या नर जन्म खाय
ढोल पिटल हाँक,
॥ धुन ॥ विद्या रतन आँखिके आँख ॥
ठके राज करमचारी, कार अक्षर भैसा सरीं
नहीं चिन्हे रसीद नम्बर दाग ॥ धुन ॥
ने जाने शास्त्र पुराण, ने बुझे भक्ति निर्वाण
बोली चाली बीचे पड़े फांक ॥ धुन ॥
भाई बहन युवा बूढ़ा मन दये सीख पढ़ा
जय हरि भवप्रीताक् डाक ॥ धुन ॥

राष्ट्रीय झूमर

राष्ट्रीय झूमर

(१०७) झूमर (१५ अगस्त के प्रति)

॥ धुन ॥ तोरा में विदेशी रवि अस्त हे १५ अगस्त
तोरा में विदेशी रवि अस्त ।
ऋषि युग ग्रह चाँद, ईसवी सालक् प्रमाण,
वहे सालें पराधीन ध्वस्त हे १५ अगस्त ॥ धुन ॥
गाँधी जी के तप पूर्ण; दासत्व निगड़ चूर्ण
स्वाधीन जे भारत समस्त, हे १५ अगस्त ॥ धुन ॥
स्वतंत्र संग्राम रथि, विजयी नेता सुमति
विदेशी भागे में भेल व्यस्त हे १५ अगस्त ॥ धुन ॥
पाइके नव स्वराज्य, पहरी विविध साज,
आनन्दे भारतवासी मस्त हे १५ अगस्त ॥ धुन ॥
भवप्रीताक् निवेदन, धर्में राख नारायण
हरि के चरणे चित न्यस्त हे १५ अगस्त ॥ धुन ॥

(१०८) झूमर (चीनक चुनौती)

॥ धुन ॥ सीमा छोड़ि भाग दुरा चार, तेजे अहंकार
सीमा छोड़ि भाग दुराचार ॥
देख चीनियांक् भरी आँख
मरे घड़ी खोटाक पाँख ।
वीर भूमि भारत पर प्रहार ॥ धुन ॥
पहले कही भाय भाय, गोली मारे धाँय धाँय,
पापी के कपट व्यवहार ॥ धुन ॥
जानी राखें चावन लाय, भारत में खाय मुंजाक लाय,
यहां दाल ने गले तोहार ॥ धुन ॥
भारतवासी खाय चीनी, चीनिया बादाम किनी,
नहां चीनियांक् के करे केयार ॥ धुन ॥
नेहरू जी के ऐमन नीति, प्राय सभे देशम् प्रीति,
सभी मदद दिये में तैयार ॥ धुन ॥
धनी, गरीब नारी नर, सर्वस्व करि निछावर
राखते स्वाधीन अधिकार ॥ धुन ॥
भूमि देते धन, देते, लहु देते प्राण देते,
करे लागी दुश्मन के संहार ॥ धुन ॥
वहे भारत छिके रे राड़, जहां दधिचि देल देहक हाड़
भवप्रीताक् हरिनाम सार ॥ धुन ॥

(१०६) झूमर

निनायला के जैसन डाकू,
अचोकें आय भोंके चाकू।
तैसन चीनीया के व्यवहार रे,
भाय बनाय करै वैग चार रे।
॥ धुन ॥ पापीक् करें देश से बहार ॥
मजबूत करें अपन सरकार रे ॥
हं चीनिया जों भारत पयतो,
धन इज्जत, धरम लेतो;
लम्पट मताल दुराचार रे।
दरिद्र नास्तिक जे खूखार रे ॥ धुन ॥
तन मन धन जन, करें सभी समर्पण।
राष्ट्र शक्ति, करेले विस्तार रे,
जहीम होयतो दुश्मन के संहार रे ॥ धुन ।
श्री नेहरू जी कर्णधार, बुद्धि नावें करतो पार।
भयान संकट पारावार रे।
भवभीताक् ऐसन विचार रे ॥ धुन ॥

———•———

हास्य विनोद

झूमर

(भादुरिया)

दुर्जनं प्रथमं वन्दे ... ...

(१०७) झूमर (भादुरिया)

लफन्दर माहात्म्य

॥ धुन ॥ भैया लफन्दर ! तोहें बिनू नंगर के बन्दर

(तोरा डरें कांपे पुरन्दर)

तों पानी में तैरावें पत्थर,

केरासिन् के कहे अक्षर ।

पंडित् के बभावे मोचन्दर ॥ धुन ॥

तों दिन के बतावे राति,

राति के जे दिनक् ख्यानि ।

मृग (कस्तुरी मृग) के बनावे छुछुन्दर ॥ धुन ॥

मित्र मित्र में लड़ाय,

तोर अन्तर जुड़ाय,

निते किनी करे जे कन्दर ॥ धुन ॥

तोरा जें करे विश्वास,

तेकर होवे सर्व नाश,

तोंहे फुसरी के बनावे भगन्दर ॥ धुन ॥

तोहीं राजू छेदी श्याम,

दादा के नाशले काम ।

भवप्रीताक् गति शिव सुन्दर । धुन ॥

दोहा— ब्रह्म ज्ञान बिनु नारि नर, करहीं न दूसरी बात ।

कौड़ी लागी लोभ बश करहि विप्र गुर घात ॥

(उत्तर काण्ड रामचरित्र मानस)

(१०८) झूमर (खेमटा) बंगला भाषा में

(मिष्टान्नेते इष्ट प्राप्ति) कलियुग महिमा

छन्द— आधुनिक भाव धर्माधर्म कुसंस्कार ।

कलिते चार्व्वाक महा वाक्य मात्र सार ॥

झूमर

कलिते मानव गण, भोग लोभ परायण गो,

नाहि पूजा देवी देवतार ।

भेवे चिन्ने देवी देवा, लइते मानव सेवा,

खावारे लइला अवतार हे हे,

॥ धुन ॥ भवे भय नाहि आर —

ब्रह्म ज्ञाने भग्लि संसार हे हे । भवे.....

गजा माझे गजानन, खुंडटि करि गोपन गो,

कचूरीते कार्तिक कुमार ॥

चण्डी रस मूंडी, माझे, मंडाते चामुण्डा साजे,

काला जामें वास कालि मार हे हे ॥ धुन ॥

सरपुरीते पूर्ण शशि, बुंदे ते तारका राशि गो,
पांतुआय पद्मिनी प्राणाधार ।
संदेशे मां सरस्वती, लड्डु ते लक्ष्मी वसति,
परमांन्ने परब्रह्म सार हे हे ॥ धुन ॥
कुलाबजाम्बुने गोपाल, गुरचुपे गोपिनी पाल गो,
रसगोल्लाय रासेर बाहार ।
मोहनभोगे मदन रावड़ीते रति सदन,
बरफी ते बसन्त साकार हे हे ॥ धुन ॥
सिंगाराय सिंह वाहिनी, निमकी ते नारद मुनि गो,
पापरेते पवन कुमार ।
पेड़ाते प्रेमावतार, क्षीरे विष्णु निद्रागार ।
बाताशाय वास विधातार हे हे ॥ धुन ॥
पुरी माझे जगन्नाथ, बालाई सुभद्रा साथ गो,
आलूदमे अश्विनि कुमार ।
पेये आचार कामुन्दी, ताहे बसेन मा कालिन्दी
शरबते सुरसरी धार हे हे ॥ धुन ॥
सीता भोगे सीताराम, राज भोगे राधाश्याम गो,
जेलेपिते जयन्त कुमार ।
भवप्रीता कहे सार, यम भय नाहीं आर,
नव युगे सब एकाकार हे हे ॥ धुन ।

(१०९) भुक्कर आलू चप पाला

॥ धुन ॥ महिमा तोर के कहे अलप, हे आलू के चप !
महिमा तोर के कहे अलप ।
राखले देवघरक् परमपत हे आलू के चप !
महिमा तोर के कहे अलप ॥
तेरह सौ तेहत्तर साल, आलू चप करे कमाल,
देवघरें सभिक् मुहें तोरे, गप्
हे आलू के चप ॥ धुन ॥
पावडर छालीदार दही, दुइ टाका सेर कम नहीं,
सवाद जैसन दबाय काया कल्प
हे आलू के चप ॥ धुन ॥
दोकानदार धन्वन्तरी चप अमृत तैयार करि,
साझें लोकक् देथीं झपा झप
हे आलू के चप ॥ धुन ॥
पाकी सेना सीमा पार, तैसन लोक के कतार
चप लागी थाड़े करे तप
हे आलू के चप ॥ धुन ॥
भवप्रीता कहे माय काली ! जेकर भोजन रवड़ी छाली
तेकर मुहें चप टपा टप टप
हे आलू के चप ॥ धुन॥

(११०) झूलनर (आलू चप परिचय)

बाप तोहर आगिन बाबू, तेला महतारी
आलू के चप ।
हिंगनी बहिनी सुकुमारि हे आलू चप ॥
॥ धुन ॥ महिमा तोर के कहे अलप हे आलू के चप
लाल दुलहिन तोर मरचैया प्यारी
आलू के चप ।
बेटा तोहर मरीच मुरारी, हे आलू के चप ॥ धुन ॥
महिमा तोर के कहे अलप.....
गरम मशाला शाला, जिरिया तोर सारी
हे आलू के चप !
बेशनी पीताम्बर धारी हे आलू चप ॥ धुन ॥
चूड़ा संगे जलपान तोहें, बड़ी मजेदारी
हे आलू के चप ।
भात रोटि संगे तरकारी हे आलू के चप ॥ धुन ॥
परिवार पोषण तोहं नाम यश धारी
हे आलू के चप ।
भवप्रीताक गति त्रिपुरारि हे आलू चप ॥ धुन ॥

(१११) झूलनर (भादुरिया)

॥ धुन ॥ पूछे राधा प्यारी ?
बिहुसी उत्तर देथीं बंशीधारी
(प्र०) राधा कौने चाहे भात गिल, कौने चाहे बिल ।
कौने चाहे, मिल श्याम ! कौने चाहे दिल
॥ धुन ॥
(उ०) कृष्ण— बूढ़े चाहे भात गिल, सोंपे चाहे बिल ।
बेपारीं चाहे मिल, प्रेमी चाहे दिल ॥ धुन ॥
(प्र०) राधा— केकर सरबस तील, केकर सरबस झील ?
केकर सरबस मन्दिल, केकर सरबस शील
॥ धुन ॥
(उ०) कृष्ण—पित्रीक् सरबस तील, माछाक सरबस झील,
भक्तक् सरबस मन्दिल, नारी सरबस शील
॥ धुन ॥
(प्र०) राधा—राधा कहे, कह बन्धु ! के जगें कुटिल ?
सबसें अधिक कहे केकरा जटिल ॥ धुन ॥
(उ०) कृष्ण—कृष्ण कहे तोर आँखी कटाच कुटिल ।
भवप्रीता कहे वेदक अर्थ जे जटिल ।

नेमान (नवान्न) वर्णन

(११२) झूमर

॥ धुन ॥ अघन सोहान,
खसी चढ़ी आवला नेमान ॥
अघन सोहान ॥

दहीक् छाली धोती चदर,
गोर देहें चौक सुन्दर,
गुड़क् टोपर कलगी गुच्छा धान ॥ धुन ॥

तपोड़ा के ढाल धरी, मुरा के जे तरवारी
पंघरा के कुण्डल सोभे कान ॥ धुन ॥

पाकल कैराक् माठी मल, चूड़ाक् हार झलमल,
गेन्दा माला गला शोभामान ॥ धुन ॥

दाँड़ा सोभे गांथल बैंगन, कन्दा के खड़ाम् शोभन,
साकल माखल देहा झलकान ॥ धुन ॥

साजी आयला नेमान देवा,
बूढ़ैम जेकर बासी सेवा
भवप्रीता पूजे भगवान ॥ धुन ॥

(११३) झूमर

केवल्य पाइते पंच ककार वर्जन

कुकर्म कुखाद्य काम कामिनी कांचन,
॥ धुन ॥ हरि हरि हरि, बोलो जय मधुसुदन ॥

कीर्त्तने कर्त्तन करे, पाश वैकर्तन
खकार चारिटि कबु ना होय आपन,
खर सोत स्विनी, खड्ग खेपा खल जन ॥ धुन ॥

गति पावे कर पंच गकार सेवन
गुरू गोविन्द गंगा गीता गोपालन ॥ धुन ॥

घकार त्रितय दूर यात्रा निवारण,
घट शून्य घड़ी शेश, घटा घोर घन ॥ धुन ॥

भवप्रीता कहे ङ० कार त्रिभिपण
कुसंग भूजंग आर अनंग शासन ॥ धुन ॥

DATE DUE

॥ धुन ॥ आमार साराटि जीवन गेलो, भूतेर बेगारे ।
करितेनारिनू किछु निजेर उद्धारे ॥
पाँचटि भूतेर वासा वासाय
आर छयटि सर्वनाशा ।
पुराबारे निज देर आशा, खाटाय आमारे ॥ धुन ॥

केह मांगे अन्न जल सुखमय वासस्थल
ताप वातास-शीतल, सुख संचारे ॥ धुन ॥

केह कामिनी कांचन, नापेले करे गर्जन
केह मांगे भोग परीजन, अहंविकारे ॥ धुन ॥

सदा एदेर सेवा करि,
भवप्रीता ना पाय हरि ।
एखन मांगे पद तरी
भव पाथारे ॥ धुन ॥

SAHITYA AKADEMI Library 30877 NEW DELHI